

Mission:

To protect, promote & improve the health of all people in Florida through integrated state, county & community efforts.



Rick Scott
Governor

John H. Armstrong, MD, FACS
State Surgeon General & Secretary

Vision: To be the Healthiest State in the Nation

Fèy Enfòmasyon : Kowonavirus Sendwòm Respiratwa Mwayennoryan (MERS-CoV)

Dat Dènye Mizajou: 12 Me 2014

- MERS-CoV se yon souch kowonavirus sou moun ki asosye avèk maladi respiratwa ak gwo kantite ka lanmò. Yo te rapòte enfeksyon viris la pou premye mwa nan ane 2012 nan Arabi Sawoudit.
 - Depi ane 2012, ka imen yo te parèt sou moun ki t ap viv nan lòt peyi oswa ki t ap vwayaje pou ale nan lòt peyi nan Penensil Arab la oswa nan peyi toupre yo. Yo te obsève lòt ka yo deyò zòn nan, men yo konsène moun ki gen kontak sere avèk vwayajè ki malad nan Penensil Arab la ak nan peyi toupre yo.
 - MERS-CoV simaye ant moun ki nan kontak sere, tankou lòt moun ki nan yon kay kote gen yon moun ki enfekte. Yo te obsève transmisyon enfeksyon an tou ant pasyan ki enfekte ak anplwaye swen sante.
- Pifò moun ki te enfekte avèk MERS-CoV te vin gen maladi respiratwa ki grav anpil avèk sentòm lafyèv, tous, ak souf kout.
- Depatman Sante Eta Laflorid (Florida Department of Health) ap travay anpil avèk ofisyèl lopital yo ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi [Centers for Disease Control and Prevention (CDC)] pou pwoteje sante tout sitwayen ak vizitè yo nan Eta Laflorid. Nenpòt risk pou sante piblik jeneral la fèb anpil.
- Nou ankouraje moun Eta Laflorid ak vizitè yo pou yo pran prekosyon ki senp pou yo pa gen enfeksyon:
 - Lave men ou souvan avèk savon ak dlo. Si pa gen savon ak dlo, itilize dezenfektan men abaz alkòl.
 - Pa manyen zye, nen ak bouch ou. Mikwòb gaye nan fason sa a.
 - Pa pran kontak sere avèk moun ki malad yo.
- Pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou ka maladi a ak sou ka lanmò yo rapòte, ale nan sitwèb WHO www.who.int/csr/disease/coronavirus_infections/en/index.html.
- Nou pa konnen kote MERS-CoV sòti. Gen ankèt k ap fèt pou konnen kijan premye moun ki enfekte yo te ka ekspoze nan viris la.

Florida Department of Health

Office of Communications
4052 Bald Cypress Way, Bin A-04 • Tallahassee, FL 32399-1705
PHONE: 850/245-4111 • FAX 850/488-6495

www.FloridaHealth.gov

TWITTER: HealthyFLA
FACEBOOK: FLDepartmentofHealth
YOUTUBE: fldoh

- Pa gen vaksen oswa tretman anti-viral pou enfeksyon MERS. Men, ajans gouvènman federal yo ap travay pou devlope yon vaksen.
- Nan preparasyon woutin nan, Centers for Disease Control and Prevention (CDC) bay twous materyèl pou fè tès pou MERS-CoV pou Depatman Sante Eta Laflorid (Florida Department of Health).
 - Pwofesyonèl swen sante ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou tès la nan depatman sante lokal la.
 - CDC ap kontinye kominike avèk depatman sante eta a ak depatman sante lokal yo pou toujou ba ou enfòmasyon yo.
- Ale nan sitwèb CDC pou jwenn dènye avètisman sou sante anrapò ak vwayaj pou nenpòt peyi ki gen pou wè ak MERS-CoV. CDC rekòmande pou moun k ap vwayaje pou ale nan Penensil Arab la ak nan peyi toupre yo pou yo pran prekosyon nòmal pou yo pa gen enfeksyon respiratwa:
 - Lave men ou souvan avèk savon ak dlo. Si pa gen savon ak dlo, itilize dezenfektan men abaz alkòl.
 - Pa manyen zye, nen ak bouch ou. Mikwòb gaye nan fason sa a.
 - Pa pran kontak sere avèk moun ki malad yo.
- Moun ki gen yon lafyèv ak sentòm maladi respirasyon fèb, tankou tous oswa souf kout, anvan 14 jou apre vwayaje pou ale nan peyi ki nan Penensil Arab la oswa nan peyi toupre yo ta dwe wè yon pwofesyonèl swen sante, epitou yo ta dwe mete li okouran dènye vwayaj yo.
- MERS-CoV se pa menm kowonaviris ki te lakòz SARS nan ane 2003. Men, tankou viris SARS, MERS-CoV sanble avèk yon kowonaviris yo jwenn sou chovsourit.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou MERS-CoV, tanpri ale nan sitwèb <http://newsroom.doh.state.fl.us/2014/05/12/mers-cov-2/>, www.cdc.gov/coronavirus/mers/ or www.who.int/csr/disease/coronavirus_infections/en/index.html.